**दिन–शुक्रवार** **दिनांक–09.05.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

————————————————————————————————————

भारतीय सैन्य बल काल्हि राति पाकिस्तान द्वारा पश्चिमी सीमा के निशाना बनेबाक लेल ड्रोन आ मिसाइल सँ कयल गेल सभ हमला के विफल कऽ देलक। भारतीय सेना, भारतीय वायु सेना आ विदेश मंत्रालयक संयुक्त प्रेस वार्ता मे कर्नल सोफिया कुरैशी ई जनतब देलनि। कर्नल कुरैशी जनौलनि जे पाकिस्तानी सेना तीन सय सँ चारि सय ड्रोन के माध्यम सँ छत्तीस स्थान पर हमलाक प्रयास कयलक। ओ जनौलनि जे प्रारंभिक जाँच सँ पता चलल अछि जे ई ड्रोन तुर्की मे निर्मित छल। भारतीय सैन्य बल एहि मे सँ कतेको ड्रोन के मारि खसौलक। कर्नल सोफिया कुरैशी कहलनि जे भटिंडा सैन्य स्टेशन के सेहो पाकिस्तानी सेना निशाना बनेबाक प्रयास कयलक। कर्नल सोफिया कुरैशी कहलनि जे पाकिस्तान एहि कायराना हरकत के लेल नागरिक विमान सभ के ढाल बनौलक ताकि भारत जवाबी हमला नहि कऽ सकय। ओ जनौलनि जे जवाबी कार्रवाई मे भारत पाकिस्तानक चारि हवाई रक्षा स्थल सभ पर ड्रोन लॉन्च कयलक जाहि मे पाकिस्तानक एक एयर डिफेंस रडार के नष्ट कऽ देल गेल।

संवाददाता सम्मेलन मे विदेश सचिव विक्रम मिसरी कहलनि जे पाकिस्तान तंगधार, उरी आ उधमपुर मे भारी गोलीबारी कयलक जकर भारत करारा जवाब देलक। पुंछ मे पाकिस्तानक दिस सँ कयल गेल गोलीबारी मे दू छात्र के मृत्यु भऽ गेल। एम्हर, सीमा सुरक्षा बल जम्मू आ कश्मीरक सांबा जिला मे अंतर्राष्ट्रीय सीमा पर घुसपैठ के पैघ प्रयास के विफल करैत कम सँ कम सात आतंकवी के ढेर कऽ देलक अछि।

————————————————————

केन्द्र सरकार थल सेना अध्यक्ष के एक विशेष अधिकार प्रदान कऽ देलक अछि। एकर अंतर्गत आब ओ आवश्यकता पड़बा पर टेरिटोरियल आर्मी के सभ जवान आ अधिकारी सभ के देशक सुरक्षा आ आवश्यक कार्यक लेल बजा सकताह। टेरिटोरियल आर्मीक जवान आ अधिकारी भारतक नियमित सेना के सहायता आ पूरकता प्रदान करबाक लेल कखनहुं बजाओल जा सकैत छथि।

———————————————————————————

केन्द्र सरकार सभ मीडिया चैनल, डिजिटल प्लेटफॉर्म आ नागरिक सभ सँ रक्षा अभियान आ सुरक्षा बलक आवाजाहीक लाइव कवरेज वा वास्तविक समय के रिपोर्टिंग नहि करबाक लेल कहलक अछि।

———————————————————————————

भारत–पाकिस्तानक मध्य बढैत सैन्य तनाव के बीच भारतीय क्रिकेट कंट्रोल बोर्ड आईपीएल दू हजार पच्चीसक शेष मैच के एक सप्ताहक लेल तत्काल प्रभाव सँ निलंबित करबाक घोषणा कयलक अछि। बोर्ड एक बयान मे कहलक जे संबंधित अधिकारी आ हित धारक सभक परामर्शक बाद संशोधित कार्यक्रम आ स्थल के संबंध मे जनतब देल जायत।

———————————————————————————

सार्वजनिक क्षेत्रक बैंक सभ जनौलक अछि जे सभ एटीएम, धनराशि जमा करबाक मशीन, स्वचालित नकदी जमा आ धन निकासीक मशीन आ सभ डिजिटल सेवा पूर्ण रूप सँ संचालित भऽ रहल अछि आ आम जनताक उपयोगक लेल उपलब्ध अछि।

———————————————————————————

केन्द्र सरकार पाकिस्तान द्वारा सोशल मीडिया पर चलाओल जा रहल कतेको झूठ खबरि सभक प्रति आम लोकनि के आगाह कयलक अछि। सरकार जनौलक जे लोक सभ के कोनो भ्रामक सूचना पर विश्वास नहि करबाक चाही। जँ किनको भारतीय सैन्य बल सभ सँ संबंधित वा एखुनका स्थिति सँ जुड़ल कोनो संग्दिध जनतब भेटैत अछि तऽ ऐकर सूचना पीआईवी फैक्ट चेक के देल जा सकैत अछि। लोक एहेन सामग्री के व्हाटस्ऐप नंबर– आठ सात नओ नओ सात एक एक दू पांच नओ आ ईमेल आईडी–सोशल मीडिया ऐटदीरेट पीआईवी जीओवी डॉट इन पर सेहो साझा कऽ सकैत छथि।

———————————————————————————

राज्यपाल आरिफ मोहम्मद खां कहलनि जे आतंकवाद पाकिस्तान के राज्यक नीतिक हिस्सा अछि। आइ नव दिल्ली मे संवाददाता सभ सँ गपशप मे ओ कहलनि जे भारत कानो आतंकी कार्रवाईक जवाब देबाक लेल सक्षम अछि।

———————————————————————

ऑपरेशन सिंदूर के ध्यान मे रखैत आ उत्पन्न परिस्थिति के देखैत पूरा प्रदेश मे सुरक्षा व्यवस्था बढ़ा देल गेल अछि। पुलिस आ एसएसबीक जवान मधुबनी, सीतामढ़ी, सुपौल, अररिया, पूर्वी चंपारण  आ पश्चिमी चंपारण इत्यादि सीमावर्ती जिला सभ मे लगातार निगरानी कऽ रहल छथि। सीमा पार अबय–जायवला लोक सभ के कतेको स्तर पर जाँच कयल जा रहल अछि। एम्हर, मुख्यमंत्री नीतीश कुमार काल्हि पूर्णियां मे सीमावर्ती जिला सभक अधिकारी लोकनिक संग उच्च स्तरीय समीक्षा बैसक करताह।

———————————————————————

बिहार पुलिसक भर्ती के लेल आयोजित परीक्षाक अंतिम परिणाम जारी कऽ देलक अछि। परीक्षा मे अंतिम रूपें एक्कैस हजार तीन सय एकानवे अभ्यर्थी चयनित भेलाह अछि।

———————————————————————

समाप्त भेल।